



# FON POU REBATI AYITI



**YON ANE MAJÈ**  
**2013 - 2014**



**FRH fèk fini ak katryèm lane egzistans li. FRH soti nan volonte Leta ayisyen pou li gen yon bonjan zouti nan men li pou ede mobilize resous ekstèn pou travay rekonstwiksyon apre tranbleman tè a.**

FRH te ede tou sipòte pwojè konsolide gouvènman yo ki te ekri nan Plan Daksyon pou Relèvman ak Devlopman Ayiti (PARDH) ak, nan lane 2012, ki te vin Plan Estratejik Devlòpman Ayiti (PSDH). FRH te kreye tankou yon Fon Fidisyè ki te dirije pa Asosyasyon Entènasyonal pou Devlòpman (AID), yon pwogram Bank Mondyal. Asosyasyon sa a gen wòl Administratè (Fidisyè) (pa Vis-Prezidans la ki Responsab Finansman Devlòpman) ak wòl Sekretarya (pa Vis-Prezidans Rejyon Amerik Latin ak Karayib).

**FRH mete ansanm nan yon menm panyen kontribisyon 19 donatè pou li bay finansman oswa sibvansyon pou aktivite priyoritè gouvènman an te prezante e Komite Pilotaj FRH la te apwouwe.** FRH kapab finanse tout kalite aktivite tankou enfrastrikti, sèvis, devlòpman komidotè, anviwònman, aktivite ki bay lajan, ak sipò bidjetè. Youn oswa plizyè ajans egzekisyon reyalize aktivite sa yo lè fini òganizasyon patnè tankou Sosyete Finansye Entènasyonal, Bank Entèameriken Devlòpman, Nasyonzini oswa Bank Mondyal, fè evalyasyon ak sipèvi-zyon aktivite sa yo.

**FRH gen sou tèt li yon Komite Pilotaj ke Minis Ekonomi ak Finans ap dirije.** FRH gen ladan li: yon reprezantan gouvènman Ayisyen kise Minis Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn; donatè ki pi enpòtan yo; òganizasyon patnè; administratè/fidisyè; obsèvatè sosyete sivil ayisyen; otorite lokal; manm sektè prive; reprezantan dyaspora ak òganizasyon entènasyonal non-gouvènmantal.

**Pandan kat lane sa yo, Komite Pilotaj FRH te reyini douz fwa epi deside si l'ap bay oswa si l'ap mete sou kote 342.3 milyon dola pou 25 aktivite ki gen pou wè ak rekonstwiksyon oswa devlòpman.** Lè fini, Komite sa a te mete sou kote yon lòt 40 milyon dola pou kèk pwojè ki enpòtan k'ap idantifye kounye a.

Rapò anyèl sa a pale de rezulta katryèm lane travay FRH ak sa yo panse sou lavni FRH la.

## Katriyèm lane operasyon ak eksperyans FRH la te plis konsantre sou sipò bidjetè

Katriyèm lane sa a ki anba revizyon montre yon lane kote gen bonjan eksperyans nan pwosedi prezantasyon demann finansman. Pwosedi sa yo, ki te adopte nan lane 2012, ap mache kòmsadwa sa vle di yo pèmèt FRH bay prèske tout resous ke li te resevwa nan kòmansman an pou pwojè gouvnènman yo. Diminisyon gradyèl resous FRH sa yo te diskite anpil nan reynyon sou lavnî FRH la.

**Pou kòmanse, nou ka di katryèm lane sa a se te yon lane kote pi plis pwojè ki te finanseyo se sipò bidjetè.** Fokis katryèm lane sa a sou sipò bidjetè montre aklè ke Leta ak sistèm finans peyi a ap reprann fòs piti piti gras a travay planifikasyon ak ranfòsman kapasite jesyon Leta pou pwogram ak pwojè enfraestrikti.

**Sipò sa yo te bay pou kat (4) sou sis (6) nouveau aktivite ke Komite Pilotaj la te apwouve pou yon total 48.6 milyon dola ki soti nan**

**Fon FRH ak 87% alokasyon** oswa 47 milyon dola ko-finansman patnè ki enplike yo. Tout kontribisyon sa yo te ede jwenn stabilizasyon ak ekilib nan montan total ekonomi peyi a. Lajan sa a te pase an pwemye nan men BID pou de (2) aktívite pou yon montan global 21 milyon dola pou refòm sektè Dlo-Sanitasyon (kidonk 14 milyon dola ki soti nan FRH ak yon lòt 15 milyon dola ki soti nan BID) ak pou sektè Tranzport (kidonk 7 milyon dola ki soti nan FRH ak yon lòt finansman 12 milyon dola). Pandan lane 2014 sa a, sipò bidjetè te ede finanse de (2) aktivite pou yon montan total 27.6 milyon dola ki te soti nan Bank Mondyal pou refòm jesyon finans piblik ak pou elektrisite (kidonk 10 milyon ki soti nan FRH ak yon lòt ko-finansman 20 milyon dola), pou sektè Dlo-Sanitasyon ak pou sektè Edikasyon (17.6 milyon dola).



**Apa de sipò bidjetè sa yo, FRH te apwouve epi finanse lòt pwojè pou sektè Edikasyon ak sektè Elektrisite.** Pou sektè Edikasyon a, Komite Pilotaj la te apwouve yon finansman 15 milyon dola pou kantin lekòl ak yon lòt 3.7 milyon dola ke li te mete sou kote pou yon pwojè Edikasyon ke BID tap dirije. Pou sektè Elektrisite a, Komite Pilotaj la te mete sou kote yon lòt 3.5 milyon dola ki reprezante kantite lajan ke yo te bezwen pou fini ak debousman pou pwojè PELIG la (oswa 16 milyon

**Tout debousman lajan sa yo te diminye anpil resous FRH yo kidonk rete sèlman kèk 40 milyon dola pou lòt pwojè ke Komite Pilotaj la pwal resevwa nan fen mwa desanm 2014.** Se poutèt sa a ke te gen anpil reynyon pandan tout lane 2013-2014 sou lavni FRH men poko gen okenn desizyon final sou kesyon sa a. Pou fini, Komite Pilotaj la te mande fè de (2) kalite etid: 1) pou konprann aklè travay ak valè ajoute FRH la, 2) pou chache konnen si gen mwayen pou chanje FRH pou ke li tounen yon zouti kapital risk ki kapab ede nan devlòpman sektè prive a tankou gouvnèman a ta vle li. Lòt reyinyon Komite Pilotaj la pandan mwa novanm 2014 sa a pwal pèmèt pran yon desizyon final sou lavni FRH baze sou rapò de (2) etid sa yo.



Kay pou plizye  
fanmi

**Pwojè 16/6**

Foto koutwazi FRH

## SITIYASYON FINANSYE FRH

Sitiyasyon resous oswa angajman FRH chanje anpil poutèt desizyon debousman ki te pran nan lane 2013-2014.

**Pou kontribisyon yo, nou kapab di pou kòmanse ke Etazini te debouse, nan mwa avril 2014, 5 milyon dola ki te rete sou kontribisyon 125 million dola pa li.** Kidonk, debousman kontribisyon total reprezante yon montan 385 milyon dola ak dènye 5 milyon dola sa yo. Kounye a, rete sèlman yon montan 10 milyon dola que peyi Lespay gen pou li bay pou fini ak aktivite mobilizasyon resous lajan ke donatè yo te pwomèt FRH nan lane 2010.

**Ak tout resous sa yo, Komite Pilotaj la te pran desizyon final pou li te bay 331.1 milyon dola ki gen lajan li bidjè depans òganizasyon patnè yo, bidjè sekretarya a ak bidjè administratè a. Komite Pilotaj la te kenbe 16 milyon dola pou pwojè distribisyon elektrisite PELIG.** Desizyon Komite Pilotaj sa a gen lajan li tou lajan pou benefisyè dirèk 25 pwojè ki nan pòtfolio FRH oswa 332.8 milyon dola (ki repranzante plizomwen 96 poustan resous total ki distribye), depans antite patnè yo oswa 9.5 milyon dola (2.7 poustan); bidjè administratif a ak bidjè sekretarya a ki reprezante rès 4.7 milyon dola (1.3 poustan).

**Dapre estimasyon yo, rete sèlman 600.000 dola nan fon FRH la ki pa angaje nan okenn aktivite.** Sepandan, FRH gen yon rezèv 40 milyon dola. Lajan sa a se yon lajan ke li te mete sou kote pou pwojè baraj Latibonit 4C a men ke Komite Pilotaj la te deside, nan mwa me 2014, kenbe pou pwojè k'ap idantifye kounye a nan sekté lasante, fòmasyon pwofesyonèl ak agrikilti. **Menm si montan yo pa menm pou chak òganizasyon patnè yo, nivo debousman an pou benefisyè final yo pase anjeneral de 56 poustan a 61 poustan pandan lane 2013-2014.**


### Lajan ki disponib

| Nan dat 30 jen 2014                                       | Total (milyon dola) |
|---|---------------------|
| 1.Kontribisyon bayè yo siyen                              | 396,00              |
| 2.Lajan ki resevwa plis revni investisman                 | 387,70              |
| 3.Lajan ki bay pou 24 pwojè ( plis frè)                   | 326,40              |
| 4.Lajan ki rezève pou Komite Pilotaj la                   | 56,00               |
| 5.Bidjè administratif                                     | 4,70                |
| 6.Lajan disponib pou kore dezisyon finansman yo (2-3-4-5) | 0,60                |


Nan fen mwa jen 2014, Administratè a te bay òganizasyon patnè yo 326.3 milyon dola pou finansman tout pwojè ki te apwouye yo, apa pwojè Pelig la paske Komite Pilotaj la poko resevwa dokiman final sou pwojè sa a. Biwo Nasyonzini yo debouse ansanm yon total 114 milyon dola kidonk debousman an pase de 77 poustan a 89 poustan soti 2013 a 2014; Bank Mondyal montre ke li debouse 78 milyon dola oswa yon debousman ki pase de 43 poustan nan mwa jen 2013 a 53 poustan nan lane 2014 aloske BID debouse menm 10 milyon dola li yo oswa 15 poustan ant lane 2013 ak 2014. Ak twa operasyon sipò bidjetè kap fèt kounye a, nou rete kwè ke kantite debousman yo pwal amelyore anpil pou lane 2014-2015.

**Depans bidjè administratif Sekretarya a ak Administratè la ap bese san rete jouk li rive yon total 71% nan lane 2011 rive 2015.** Ekonomi sa yo soti nan diminisyon gradyèl pèsosnel FRH la ansanm ak diminisyon nan aktivite li. Efò sa yo pou kontwole depans yo pandan lane sa a te ede coupe nan depans administratif yo ki reprezante apeprè 1.3 poustan montan alokasyon lajan pandan lane 2014 konpare ak 1.7 poustan pandan lane pase.

Distribisyon lajan FRH yo nan sektè yo travay sou yo  
(an milyon dola epi en pouvantaj)



Lajan Patnè yo dekese pou pwojè yo rive 30 jen 2014  
(an milyon dola ak pouvantaj yo)



## PÒTFOLYO, PÈFÒMANS AK REZILTA FRH

**Lane 2014 sa a te wè anpil chanjman nan pòtfolyo FRH la.** Kounye a, ak apwobasyon sis lòt novo pwojè yo pòtfolyo FRH la genyen yon total 25 pwojè. Nan 25 pwojè sa yo, 8 fèmen, 16 ap kontinye, 1 (Pelig) poko apwouve. Six novo pwojè sa yo ki koute 55.8 milyon dola reprezante yon total 342.4 milyon dola nan pòtfolyo FRH la. Pwojè FRH sa yo te rapòte anpil lòt resous tankou, pou egzanp, chak dola FRH la te pèmèt gouvènman a resevwa yon dola anplis nan men patnè yo espesyalman pou sipò bidjetè pwogram edikasyon yo.

**Pou alokasyon pa sektè yo, pòtfolyo FRH la ak plan devlòpman gouvènman an montre aklè sa ki priyorite gouvènman an apre tranbleman tè a.** Keson Lojman, Jesyon Fatra, Prevensyon ak Jesyon Risk toujou rete yon priyorite nan pòtfolyo FRH la ki gen ladan li 182 milyon dola oswa yon finansman 53 poustan FRH. Lane 2014 sa a plis konsantre sou sipò bidjetè yo ki te vinn nan dezyèm plas pou alokasyon ki totalize 74 milyon dola oswa 22 poustan ki soti nan FRH. Sipò sa yo te ede vanse nan refòm ki enpòtan yo pou rekonsistikyon ak devlòpman, jesyon finansiblik, enèji, dlo ak sanitasyon, ediksayon ak transpòtasyon. Twa lòt sektè (Edikasyon; Enèji ak Anviwonman) toujou kenbe yon alokasyon 5 oswa 10 poustan nan pòtfolyo FRH la. Pòtfolyo FRH sa a respekte tout priyorite ak pwogram gouvènman an espesyalman 4 gwo konpozan Plan Estratejik Devlòpman Ayiti ke yo te adopte nan lane 2012 ki se: Reyòganizasyon Enstitisyonèl, Sosyal, Ekonomik ak Territoryal.



**Katryèm lane sa a te okazyon pou ogmante ak bay rezulta pòtfolyo****FRH la jarèt nan tout sektè kote pwojè yo ap mache toujou.** Pou

sektè lojman, jesyon lavil ak jesyon risk, pi gwo pwojè 16/6 ak

PREKAD ap kontinye bay bonjan rezulta. Jouk jounen jodi a, pi gwo

rezulta yo se:

- Plis pase 50 kan kote moun tap viv apre tranbleman tè a fèmen
- Apeprè 24.115 fanmi ki te nan kan yo jwenn lojman ak 5.411 nan fanmi sa yo ki te jwenn sibvansyon lwaye.
- Tout moun ki te nan kan Jan-Mari Vensan ak plis pase 90 pouzan moun ki te nan kan Petyonvil jwenn kote pou yo rete.
- 510 kay te bati
- 4307 kay te evalye
- 2598 kay te reparé.
- 8 sant kominotè kap mache kòmsadwa te etabli
- pwòpte ak sanitasyon fêt nan 5 katye: Mòn Ekil, Mòn Ebo, Bwa Patat, Vila Roza ak Kanape Vè.
- 5 plas piblik te reparé: Mòn Iaza, Nerèt, Jan-Batis, Twou Rozmon, Mòn Ekil.



Elèv lekol EFACAP nan  
Jakmel

**Pwojè Rekonstriksyon  
sektè Edikasyon**

*Foto koutwazi FRH*

**Pou sektè edikasyon a, pandan ke konstwiksyon yo ap kontinye lekòl yo resevwa materyèl ak ekipman tankou:**

- 14.250 twouss lekòl (plim, kaye, kreyon, etc.), 24.954 inifòm ak 76.369 liv lekòl ke FRH finanse epi kap distribye nan 10 depatman peyi a.
- 70.000 elèv lekòl resevwa sibvansyon pou lane 2013-2014 konpare a 3.978 pou lane 2011-2012; 61.906 pou lane 2011-2012 ak 57.640 pou lane 2012-2013.

**Pou sektè anviwònman a, pi gwo objektif yo la toujou tankou aktivité pwoteksyon pak Makaya ki kòmanse nan pwemye mwatye lane 2014.** Pwemye travay se te trase limit pak la ak enstale inite jesyon pak sa a. Nou rete kwè ke pwojè sa a pwal bay bonjan rezulta nan lane kap vini a.

**Pou devlopman sektè prive a, nou wè pwogrè ki fèt nan enstalasyon twa izin transfòmasyon lèt ka pwal kòmanse travay lane sa a.** Antretan, fòmasyon ak òganizasyon patnè/aktè nan chenn pwodiksyon an (kidonk, pwodiktè, travayè, vandè, etc.) ap rapouswiv. Pwoblèm pou reyalizasyon aktivite pwoje ki pi enpòtan pou sekte a (Fon Garanti Pasyèl) pa chanje menm apre restriktirasyon an te fèt.

**Pou sipò bidjetè yo, aktivite yo te konsantre plis sou refòm pou debloke oswa leve baryè ki anpeche jwenn bonjan rezulta nan kèk sektè tankou:**

- Dlo ak Sanitasyon, kreyason konsey DINEPA a (Direksyon Nasyonal Dlo Potab ak Sanitasyon) – ki te kanpe depi lane 2009 – rekòmanse. Wòl konsey sa a se veye ke genyen yon pi bon gouvènans ak transparans nan sektè sa a.
- Transpòtasyon, pwemye reyalizasyon pou devlopman sektè sa a se: apwobasyon ak piblikasyon plan ranfòsman enstitisyonèl nan sektè transpòtasyon a; kreyasyon yon depatman pou sèvis ak reparasyon; kreyason yon depatman sekirite wout.
- Edikasyon, kreyasyon yon lwa pou desantralize akweditasyon lekòl prive yo nan lide amelyore kalite edikasyon lekòl sa yo, ak yon nouvo règlementasyon pou desantralize ak fasilité koleksyon anyèl ak regwoupmen enfòmasyon sou kontaj kantite lekòl ki egziste.

## ETAP KAP VINI YO AK EKSPERAYANS KI FÈT

**Nan papòt senkyèm lane sa a, FRH nan yon kafou kote resous li yo prèt pou fini.** Akòz preferans Brezil, diskisyon ap fèt kounye a ak gouvènman an pou idantifye pwojè nan sektè agrikilti, lasante ak fòmasyon pwofesyonèl pou itilize 40 milyon dola ki rete toujou. Nou rete kwè ke Komite Pilotaj la ap resevwa pwojè yo anvan fen lane sa a. Dènye alokasyon k'ap fèt ak lajan sa a ki rete nan men FRH, sòf si gouvènman an ta mobilize lòt resous, ap pèmèt pran desizyon pi fasil sou lavni FRH la.

**Pou fini, lane kap vini an pwal konsantre plis sou reyalizasyon ak finisyon pi fò nan pwojè kap fèt kounye a nan tout sektè yo.** Nou rete kwè ke pwal gen bonjan pwogrè kap fèt nan reyalizasyon pwojè sekté Edikasyon (branch rekonstriksyon, sektè Enèji, sektè Anviwonman ak Sipò pou ede sektè prive a ki gen pwoblèm pou yo demare

**Leson ke twa pwemeye lane sa yo bay bon toujou pou fen katryèm lane egzistans FRH la.** Pandan nap tan rezulta revizyon final sou FRH la, nou kapab wè eksperyans ki fèt deja tankou:

### **Plan Estratejik:**

**Sistèm gouvènans FRH la pèmèt yon bèle espas pou diskisyon patnè finansye yo ak otorite ayisen pou yo deside tèt ansanm sou lajan ki pou bay nan aktivite priyorité peyi a.** Alokasyon lajan sa a toujou fèt apre diskisyon solid nan Komite Pilotaj la epi demann ofisyèl gouvènman an ki garanti responsabilizashyon Leta nan entèvensyon FRH. Dènye lane sa a konsantre plis sou sipò bidjetè ki montre aklè ke gouvènman an vle ranfòse kapasite enstitisyonèl, jesyson resous publik, reyalizasyon pwojè enfraestriki ak sipò bidjetè.

**Desizyon pou mande òganizasyon patnè yo ede nan reyalizasyon aktivite FRH la te ede anpil nan siksè pwogram la.** Menm si te gen kèk ti feblès nan objektif responsabilizasyon ak lidèship Leta a ke Deklarasyon Pari, Accra ak Busan te rekòmande, desizyon sa a te enpòtan nan epòk yon dezas naturel kote enfraestriki ak sèvis Leta pran gwo chòk ak febli anpil, tankou sa te rive an Ayiti. Desizyon sa a ki te ranfòse operasyon yo te bay okazyon pou jwenn bonjan kòdi-nasyon ak rezulta nan pwogram benefisyè yo ke òganizasyon patnè yo te aplike. Pou fini, estrateji sa a ede diminye gwo risk administratif ki egziste nan yon anvinwonman frajil tankou an Ayiti.

**Fleksibilite FRH limite poutè preferans donatè yo.** Tout efò FRH pou respekte preferans donatè yo merite yon gwo bravo. Efò sa yo pèmèt tou mete resous yo nan sektè ak pwojè ke gouvènman an ak donatè yo aksepte. Sepandan, pafwa preferans donatè yo kapab reprezante yon danje ak yon baryè pou fleksibilite ak resous Fon an. Yo kapab anpeche tou sèvi rapid ak lajan an lè moun yo plis bezwen li.

### ***Plan operasyonèl:***

**FRH tabli bonjan pwosedi pou prezantasyon demann finansman ke patnè/aktè apresye anpil epi kap kontinye mache kòmsadwa.** Pwosedi sa yo sou demann finansman kote FRH, ki adopte nan lane 2012, aplike estanda ofisyèl pèfòmans, mwayen komunikasyon ak sistèm kòdinasyon ki egziste nan mitan gouvènman a ak komite pilotaj la, donatè yo, sekretarya a, administratè/fidisyè a epi òganizasyon patnè yo. **Depans fonksyònman FRH yo piti anpil lè nou wè kalite aktivite ak rezulta yo bay** epi lè nou konpare alokasyon lajan Fon Fidisyè tout donatè yo pou aktivite apre tranbleman tè a. Lane 2013-2014 te koupe plis toujou nan depans fonksyònman FRH sa ki vle di ke diminisyon sa a pwal pi ba toujou pandan lane 2014-2015 poutè diminisyon nan aktivite Sekretarya a.

### ***Plan finansye***

**Sipò bidjetè yo bay gouvènman a plis mwayen ak manèv pou jesyon resous publik yo.** Kantite lajan sipò bidjetè yo bay FRH lane sa a ak kantite lòt lajan ki mobilize (apeprè 75 milyon dola) te pèmèt Leta a jwenn bonjan finansman ki te ede ekilibre finans publik yo ak estabilize lajan ak ekonomi peyi a.



# Fon pou Rebati Ayiti

Fon pou Redrese, Rekonstwi ak Devlope Ayiti



387, route de Bourdon, Port-au-Prince

📞 +(509) 3798 0817

✉️ [info@haitireconstructionfund.org](mailto:info@haitireconstructionfund.org)

🌐 [www.haitireconstructionfund.org](http://www.haitireconstructionfund.org)

[www.fondsdereconstructionhaiti.org](http://www.fondsdereconstructionhaiti.org)